

No. 1
1-16).

No. 2

Augustus 1924

17

Tahoen ka 1

Dec. 1925 }
July 1924 }
18 - 1 soh

III. 10A

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT.

J. KATS. M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMPA 28 — WELTEVREDEN.

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng 0.30
Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja 20.—
Satengah katja f 12½, Saparapat katja 7.50
dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 2.

Pihatoer Redaktie	katja 17
Boepati Soenda moenggah hadji	18
Babad Kian Santang kenging A. Ganda Prawira	19
Panaloengtik kaajaan Djawa baheula	24
Baheula	28
Salsilahna Radja-Radja Padjadjaran	28
Ngalana	29
Ngadjadjah Pasendan	30
Saembara	31

Pihatoer Redaktie.

Ti ngawitan P. S. ieu, redaksi baris njanggakeun kagegelan, ka para langganan sadaja, hatoer loemajan pikeun tatali karaketan galih sangkan oelah kamalinaan dina batjatjar keuna koe renggang, enggonging ngagoear poesaka warisan loeloe-hoer Soenda. Ieu ajeuna kasanggakeun potret Raden Adipati Aria Wiranatakoesemah Kangdjeng Boepati Bandoeng, anoe nembe rawoeh ti Mekah. Anoe mawi diheulakeun, röh biasa oerang sok merloekeun ngaras ka anoe nembe moelih ti hadji, peupeuriheun djongok oerang téh henteu tina kahalangan koe anggang téa.

III no 2

17

Engkè ka pajoen baris ditoengtoet potretna para boepati anoe sanes sareng para boedjangga kokodjo Soenda dilebetkeun kana Poesaka Soenda pikeun tawis sotja.

Boepati Soenda moenggah hadji.

Radèn Adipati Aria Wiranata Koesoema nembè rawoeh moelih djarah ti Mekah. Henteu kantos lima sasih lamina andjeunna njelang ngantoeenna damel, geusan njoemponan kaperloean moenggah hadji tèh.

Koe lantaran aja Boepati anoe njepeng kénéh damel djengkar ka Mekah — ieu tèh sajaktosna perkawis anèh — bet koering kahoedang kana èmoet ka alam 3 taen kapengker nalika Kangdjeng Pangheran Aria Soeria Atmadja, Dalem Soemedang pangsoen djarah ka Mekah tèa.

Koering èmoet kénéh, basa sakotji ka goengan Gongsol nengah madjoe ka kapal, rèk mapag pangagoeng noe nembè rawoeh.

Kangdjeng Pangèran loengsoerña kana tangga anoe parantos disajagikeun tawis kahormatan (statietrap), katingal loengsè pisan, malah kiwa tengen disangkèh, nanging wiloedjeng teu sawios-wios loemebet kana sakotji, ladjeng linggih kedah digandjel koe bantal, nja kitoe deui Djoeragan Dipati (Dalem Istri).

Koe margi sakotji njewoek ketebak angin ngagaleboeg, dongkap ka dèngdèk, Kangdjeng Pangèran teu iasa toemaninah tjilikna, kedah bari rada nagog, nangankeun andjeun nahen salira, atoeh teu kinten ripoechna, sakitoe mendoeng dipadjeungan, soepaja oelah kapentrang teuing koe panas anoe sakitoe ngentak-ngentakna.

Rawoehna ka darat parantos njondong anoe mararapag, djamaah anoe darongkap ti heula, malah pangagoeng anoe ti Boeloengan tèa ogè djeung garwana aja harita di dinja, nja ladjeng angkat njatjat kinten saparapat djam lamina, dina keur noedjoe panas poè mentrang mentring pisan.

Kngdjeng Pangèran kasawatna madjeng kana senang, malah èndjingna mah kati-

ngal teu aja sawios wios. Tilas tadi ngaraos palaj dina kapal sakitoe lamina, toer salira eukeur teu damang, kawoewoeh koe saoem anoe sakitoe leketna, atoeh sakalintang ripoechna, nanging ajeuna katingal kantoen senangna.

Nalika njarios sareng sim koering, teu siga-siga anoe mentas atawa eukeur teu damang, èstoe tatag perlenté pisan, njarioskeun pamendakna perkawis kaajaan Tanah Hindia dina taoen taoen anoe ahir. Sareng andjeunna ngadadar anoe diadjam koe manahna tina roepi roepi atoeran anoe baris dioendjoekkeun ka radja Mekah, soegri anoe kagalih pimangpaateun ka djamaah-djamaah, nja babakoena pisan ka djamaah oerang Soenda, sarta engkè dimana andjeunna geus moelih ka Djawa, baris dioendjoekkeun ka Pamarentah.

Isoekna deui panoengtoengan koering tepang sareng Kangdjeng Pangèran, toenggang mobil kagoengan Radja Mekah. Samèmèh èta mobil ngambah sagara keusik, di mana engkè geus ngaliwat gapoera Madinah (Medinapoort) nja lirèn heula di pajoeneun Kagongsolan, teu tebih ti katja-katja tèa. Kangdjeng Pangèran nganggo aggoan ihram, sarta teu lirèn ngaos „manasik” basa Soenda, anoe diserat koe aksara Arab, nja èta toedoeh djalan moenggah hadji, anoe eusina njarioskeun naon doenga anoe kedah diamalkeun di oenggal oenggalan tempat saparat djalan ka Tanah Soetji.

Saparantos andjeunna ngoenggoet maparin tabè ka koering, deui baè ngaos kitab tèa. Teu lami mobil geus ngadioes, keboel moelek pengkereunana kawantoe ngorang djalan keusik. Harita tèh andjeunna pamit pèdah badè papisah, ari sihorèng bakal patilar ngantoekeun ka moektèn doenja deui. Margi sakoemaha anoe parantos kaaroeninga koe sadaja, teu lami deui ti barang andjeunna rawoeh ka Mekah, ladjeng kapihoean, lantaran teu kiat koe hawa, rèh harita di dinja keur noedjoe oesoem panas pohara pisan. Heuleut sadinten sawengi, Kangdjeng Pangèran poopoet joeswa moelih ka Kalanggeungan.

Kangdjeng Radja Hoessein metakeun phormatan tawis ngagoengkeun ka apoe oepoës, nja eta nimbalan Militèr sareng pagawè Masdjidil Harram ngiring ka oeboer. Sadaja djamaah oerang Soenda arita pada ngiring ka koebooran deui.

Samoekawis anoe koe Kangdjeng Pangèran Soemedang parantos diadjam balai didjalankeun dina salebet andjeunna djarah ka Mekah tèa, henteu iasa kalakanakeun.

Eta kahojongna anoe sakitoe agengna nja dibeuratkeun ka para hoepati nonoman anoe joeswa keur meumeudjeuhna, anoe ikal djararah ka Mekah. Salah sawios tina èta anoe sasat kapasrahan tèa, nja Kangdjeng Dalem Bandoeng ajeuna, anoe ti potretna dilebetkeun kana Poesaka Soenda.

Kangdjeng Dalem Bandoeng angkatna Mekah dina mangsa anoe mingsal ti asa. Nja èta din'a waktoena kaagoengan karaton Mekah katjida nambahanana, reh rantos sataoen Radja Hoesein bin Ali adeg Chalief, sareng sawangsoelna ti èta inggang miangsa djamaah kataradjang tjida kasangsarana, kabalangsakna langenig langkoeng ti sasari, lantaran koe èa-réana anoe maroenggah hadji (Ti Hind Nederland sareng ti Malaka woengkoel semlahna djamaah aja 48000 djiwa).

Sadajana parantos aroeninga jén Kangdjeng Dalem Bandoeng, Radja A. A. Hadji seharam (1) sababaraha kali ditampi gadeuheusan koe Radja Mekah, malah nitak boengah pisar pèdah andjeunna koe djá parantos dipaparin bintang anoe angloehoerna, anoe biasa djadi gandjaran karadjaan Mekah.

Koe margi koe Pangaoelaan Bandoeng arantos seueur anoe kaoeninga sareng andjeunna parantos ngiring ngarandapan soesahanana perdjalanan djamaah, boh djalanna boh di Tanah Soetjina; paøogi moegi baè èta loeangna tèa tiasa ena ka oerang dieu.

Kablasanana hadji-hadji téh di Mekkah dilalii koe ngaran anjar, pada dibarérè piagemna e ditanda koe Moëti Imam Sjafie. Nanging Dalem Bandoeng mah sanès dilandi koe djene an anjar, ieu mah saparantos djadi hadji téh igeuhan djenenganana keur moerangkalih.

Emoëtan koering kawas pimangpaateun oepami sadaja pamendak Kangdjeng Dalem Bandoeng tèa koe andjeunna ladjeng di-boekoëkeun, basa Soenda anoe bakal pikahartieun koe djelema loba.

Henteu kedah inggis, bilih padjar ngabolékérkeun rasiah rasiah di ditoe, da sadaja ogè di Hindia pada terang koemaha kaajaan di Tanah Soetji téh.

Koe margi anoe kagoengan karangan, (Dalem Bandoeng) ngiring ngarandapan kasangsaraan tèa, geus sasarengan sareng djamaah anoe rèboe rèboe, katoeroeg toe-roeg anoe tangtoe oeninga leres kana sabab sababna pang moenggah hadji koe oerang dieu katjida diloehoengkeunana, sanadjan sakitoe waloeratna sakitoe sangsarana, geus moal boa pépelingna bakal aja tapakna, sarta bakal ditaroeroet piwoerokna, naon anoe koedoe disingkahan dina enggonging ngalampahkeun moenggah hadji tèa.

Panoetoep ieu karangan disarengan koe pamoegi moegi, soepaja Kangdjeng Dalem Bandoeng iasa laksana ngadjalankeunana damel anoe bangga tèa, maparin obor, geusan njaangan atina anoe rèk maroenggah hadji sapengkereun andjeunna, sanadjan ngan oekoer ka djelema djelema anoe ti sawewengkon kabopatènna woengkoel ogè.

E. G.

Weltevreden Augustus 1924.

Babad Kian Santang

kenging A. Ganda Prawira.

Djisim koering noewoen paraloen amit njatoerkeun galoering tjatoer lalakon anoe bahéula, kenging mètik tina babad noe geus disérat koe boedjangga djaman koena, nanging hénteu dijajaj dipandjang-pandjang satjéplékna noemoetkeun babad tèa, kawantoe itoe mah wawatjan geus tangtos djalanna tjarios poengkal-pèngkol kababantoen koe patokan dangdingan, koe-doe noeroet kana lagoe ninggang kana wirahmana, ieu mah oerang boedjeng ènggalna baè ngarah ringkés teu matak késél noe maos.

III no2 19

613

Anoe badè ditjarioskeun di dieu raratan wawatjan, nja èta lalakonna Praboe Kian Santang. Kawasna mènggah oerang Pesoendan mah soemawontèn di Priangan kana èta djenèngan tèh moal pati aja noe bireuk, tina geus kakontjara ti babaheula-na, nanging seuseuéurna oenìnga di djénèngan teu tèrang di papajanana, kawan-toe djaman kiwari tèa bae, djati kasilih koe djoenti, katandasa rasa kapèlèt koe barang anjar, nèpi ka loer nolas kana tittinggal karoehoen, djongdjon tonggoj mikaudeudeuh barang deungeun; doegi ka lat lali teu èmoet-èmoet jèn di oerang seuéur boekaeun tittinggal anoe baheula.

Doepi mènggah djalanna babad tèa, di oerang tara dioeni boelan tanggalna, sadjan di Eropa ogè sok seuéur baè patjèngkadanana, tjèk ieu kieu tjeuk itoe kitoe, sok komo deui di lèbah dongèng oerang mah geus tangtos seueur dor-dar pabèntarna, sèwang-sèwang pada mawa loeang katerangna, koe margi èta hënteu djadi hèran oepami ieu tjarios noe badè dipèdar teu sami saréng pamèndak noe lian, kawantoe geus djadi dongèng sanès sadjarah anoe poegoeh dapoerna, poegoeh ringkoek ti ditoena.

Awitna tjarios kieu:

{ Praboe Siliwangi noe ngaraton di da-
jeuh Galih — Pakoewan, ngaradjaañ na-
gara Padjadjaran, kagoengan poetra anoe
djénènganana Pangèran Gagak-Loema-
djang djoedjoeloek Gagak-Loemajoeng ata-
wa Kian-Santang. Èta radja-poetra geus
katjèloek kaawoén-awoen kawéntarkeun
gagah rongkah pangawasana, djaman harita
di P. Djawa geus kakontjara teu aja
doea noe sakti lir Gagak-Loemajoeng, tjin-
dékna satria lalanang djagat noe teu boe-
toeh pangaweroeh moal ngoejang pangabi-
sa; noe katjèloek wèdoek sadajana geus
taraloek, noe barèdas rongkah teu aja da-
jana; saha djalma noe wani ngoenghak
djapakan. geus oelah ngarepkéun bakal
njaho di pagèto, da ngalawan moal aja
anoe bisa njangga poelia, ngan kari pasrah
soemérah ngadago-dago kana dawoeh ata-
wa tinggal sabar nganti-nganti pangam-
poera.

Dina hidji waktos Pangèran Gagak-Loemadjang kagoengan èmoetan palaj ningali getihna koe andjeun, tapi moenggoeh di P. Djawa mah taja petana mendak noe baris iasa ngajonan andjeunna, tina geus garoeng taja noe wantoen tea. Manahna kitoe woewoeh lami woewoeh mangèn, koe-mèntab njongkab palaj geura prak mètjak djadjatèn, hojong geura aja lawan taroeng djeung sasama geusan pamoenah rasa, oelah sakti tanpa boekti, sok hajang geura poegoeh njangoeloena. Tina bangèt pang-djoeroeng napsoena pèrbawa adji kasaktianana, andjeunna koetatang kotètèng mapaj-mapaj ka oenggal djalma saha manoe-sa noe kakontjara èlmoena geusan adoe pérang tanding tèa.

Tah kitoe moenggoeh pérwatéknna adjian noe teu dibaroeng koe lémah lémboet tèh sok noengtoen ka noe teu oeroes, da teu dipager koe galih anoe sadjati, tjlik pètih-tjlik hèrang tèa, ieu mah kahajang-na sok sawéng-wéng; da ari aloesna mah koedoe ditangtajoengan koe wahjoe ambèh moeloes toemindak sabar darana.

Tina kitöena aja sélenting bawaning angin kolèbat bawaning bédja, Pangèran mendak tjarios, pagar di dajeuh Mèkah nagara Arab aja hidji djalma noe sakti, pinoedjoe nandjoeng gagah rongkah tan-pa tanding, malah diséboetna ogè Matjan Allah atawa Pèdangna Rasoeloeloh, kékéntong ti balad Islam, djanènganana Ba-gènda Ali.

Mènggah di lèbah Kian-Santang mirèng wartos kitoe-kitoe, bingah noe tanpa wilangan asa ditondjok tjongtjot diréwah-keun koeang-koeang baè, tjèk paribasa tèa mah, manahna soemèrèdèt koe hojong geura sèg ngajonan djago Arab. Gantjangna tina amarah geus teu kawàdahan, tambah lila tambah ngèntab asa dipapanas koe tjarios, leos baè andjeunna ngantokenkeun Padjadjaran; barang doegi ka Oedjoeng-koelon andjeunna bingoeng ka mana nja baris indit, da poegoeh teu oenìnga di lè-bah-lèbahna atjan di Mèkah tèh, ti dinja ladjèng mènèkoeng moedjasmèdi, njoe-hoenkeun ka Dewa Mérwèloe soepaja di-toedoehkéun pidjalaneun, da andjeunna tèh Agama Hindoe. Dina keur antèng sida-

kép sinoekoe toenggal, ngong aja soara noe noedoehkeun pidjalaneun saréng miwarang géntos djénéngean dilandi „Garantang sètra” totondé baris ngorang kasoe-tjian.

Geus kitoe mah ènggalna lèos baè Pangèran Gagak Loemajoeng angkat madjoe ngoelon rada ngalér, ngadjoegdjoeg ka noe dimaksoed nganggo djalan napak kantjang angkat di sagara makplak; teu katjatoer di djalananna djaoeh moal boeroeng tjoendoek, anggang moal boeroeng datang, djol baè soemping ka nagara Mékah. Sasoempingna ladjéng mamarioskeun Bagènda Ali. Atoeh da taja noe bireuk boeh-bèh baè noe noedoehkeun palénggahanana.

Oerang toenda heula Kian Santang, katjarios mangsa èta di Mékah Kangdjeng Nabi badè ngageungan Masjidjilharam, sadajana para sahabat noe opat Aboe-bakar, Oemar, Oesman sareng Ali dibagiana na pidaméleun sèwang-sèwang, ari Bagen-da Ali kabagián kedah nangtoengkeun hidji tihang pangbakti ti Radja Djin noe teu kintén poharana. Atoeh ari koe kitoe téa mah moal naon deui pangdisérènkeun ka Bagènda Ali téa ogé, nja èta noe sèdjèn mah taja oentoepan pikoeateun. Waktosna koe Kangdjéng Nabi geus ditangtoskeun, sarta sadajana kedah këmpél dina mémeh taboeh 7.

Ajeuna malikan deui lalakon Garantang-sètra, dina hidji isoek andjeunna keur oesrak-asroek baè ngilari Bagènda Ali, maloem tanah Mékah téh lega, masing loba noe noedoehkeun ogé nja rada lila kapendakna mah, teu lami di djalan gok paté-pang saréng hidji aki-aki geus tokroh-tokroh koendang iteuk, ènggal koe andjeunna diparios: „Aki! tjik soegan njaho di mana ari imahna Bagènda Ali noe kakkotjapkeun gagah téh?”

— „Aèh na oedjang téh ti mana nja lemboer matoeh bandjar karang pamidangan, kawas-kawas oerang djaoeh teu oe-ninga di imah Ali, da oerang dieu mah sadajana ogé pada tarérangeun. Aja pi-galeuheun naon kitoe?”

— „Bisi teu njaho kaoela téh noe kawéntarkeun gagah téa, Kian Santang daga ti Tanah Djawa, noe rèk nèangan pitan-

dingeun dina mèdan danalaga, koe sabab di ditoé geus garoeng teu aja noe wantoen, hawar-hawar aja bédja di dieu aja Bagènda Ali noe kasohor pangawasana, noe matak koering datang ka dieu, arèk manggihan Ali, hajang ngajonan tanagan-na. Kaharti?”

— „Kahartos.”

— „Sanggoep mangnoedoehkeun?”

— „Sanggém, moeng ajeuna andjeunna teu aja di boemina, margi badè ngiring ngadegkeun Masjidjilharam, mangga baè oerang soesael ka ditoe”.

Ti dinja Garantang-sètra angkat saréng aki-aki téa; kira kira geus aja sawatara toembak èta aki ngarandé, émoeteun kana iteukna bieu katinggaleun noedjoe di-pariksa téa (Dihadja kawasna ditinggal-keun) gantjang èta aki-aki oendjoekan ka Kian Santang; tina hojongna ènggal geura népi ka noe dimaksoed, èta iteuk noe kakantoen koe Gagak-loemajoeng ditjandak koe andjeun, ngodjéngkang moelih deui ka toekang.

Jaktos, kasampak téh si iteuk nantjéb kénèh baè teu atjan aja noe ngopènan; ènggal koe Radja poetra ditjaboet tapi loepoet, teu onggèt-onggèt atjan, ing halé nantjebna téh teu sabaraha djérona, atoeh biasa baè sadjerona ogé piranning beunang aki-aki, moal pageuh tjara tantjeb tihang tjéblok. Kapaksa ti dinja njaboetna nganggo tanaga, tapi sakitoë tarikna kalahka siga beuki maneuh pageuh kawas aja noe njékelan ti handap.

„Aèh-aèh!” saoer Gagak-loemadjang. „Naha iteuk naon ieu téh, mana kieu-kieu teuing?”

Djadjatèn pangawasana tina geus poesing téh ènggal diwaté, ngawedjang adjí karongkah, toefej pasang koeda-koeda dangdan singkil njaboet iteuk, kéréwék kék djoeng didogèr, tapi tobat aoedoebilah wéleh teu beunang kénèh, napsoe woewoeh ngentab asa-dipapanas koe iteuk anoe keukeuh bahoela ngabatoe, djeung ras èling ka aki keur ngantosan, sok tada teuing lingsemna, moen nepi ka lèngoh teu kadingdjing. Iteuk aki oelaget, noe njaboet okèng okèngan, toengtoengna tina awahing bedas noe njaboet nepi ka lep

sampéanana njeblok kana taneuh semet panekoe, kèsang badag kèsang lemboet ngoetjoer tina sotja-sotja, tina koekoehna galih dasar terah Galih Pakoean pitoein, nadjan geus poegoeh kitoe gè, teu wara moendoer teu kersaeun èlèh koe atah-atah, hantembaè koe andjeunna dipaksa, ari ningali kana salira bet ngorolok beureum tètèla kaseér getih.

Keur djongdjon padogèr-dogèr diadoe djeung iteuk, torodjol sang aki-aki téh datang, bari tjarekna: „Naha bet lami-lami teuing, diantos mani geus kesel!”

Walon Garantang sètra bari bareureum tina koe kalingseman wirèh tadi geus agoel-agoel madjar pamoek, woeri-woeri kaboehti karèk diadoe djeung iteuk ogè patoetoenggalan, bet ampir-ampir kana ngaloempoeroek, tjitjing dina basa tètèr, kapaksa kedah roemaos salira naäs.: „Noe matak aki, bet naha iteuk téh ngalalakian, bangkar warah teu beunang dipaksa ditjaboet!”

Moestahil”, walon aki bari matja salawat djeung kalimah kali, toeloej iteuk ditjaboet, beunang teu sakara-kara koe sabeulah baè.

Gagak-loemajoeng ti dinja teu kinten lingsemna geus soer-sèr rada sebèr, djabi manah nahnaj ngarakataj, raraj piás kawas noe dipoeopoel bajoe, kelangan pangatjian. Kitona Praboe anom koe aki kittingali, katoöng koe sipatan galihna jen Radjapoetra pinoedjoe nandang kasedihan. Tina aki soerti djalma bérboedi, njepeng èlmoe sipat kamanoesan sadjati, sok silih raskeun silih timbang medal tina manah njaäh ka sasama oemat Allah, boedina api-api baè teu ngatarakeun noe heran, soemawonna mapanas djeung ngaeëra mah dibaidkeun pisan, anggoer saoerna: „Mangga atoeh oerang angkat teraskeun oerang ka Masjidil-haram tèa!”

Lingsem-lingsem ogè Kian Santang mak-sakeun andjeun angkat njarengan aki. tah didinja geus rada soer-ser mangsar-mingsir sarta heran koe pangaweroeh aki noe sakitoe anèhna, toengtoengna pok mariksa: „Kalimah naon aki noe dipapatkeun bieu téh?”

„Sahadat sareng salawat, oedjang”.

—,Is naha asa teu pira teuing”.

Toenda èta, kotjap di Masjid sadajana geus koempoel, tapi tatjan prak didaramel sakitoe geus beurang téh, lantaran Bagènda Ali tjan soemping, sadajana pada hèran, pada hèmeng koe naon sababna, naha naon noe djadi pembengan di Bagènda Ali, kapan ti awalna geus asak babadiman djangdji pasini, moen teu damang atoeh sing poegoeh, tapi da taja wartosna, moen lèlèwodèh sageuj deui nepi ka kadoega ngawaroeratkeun ka noe sèdjèn, toer pidameun teu beunang digentènan koe noe sèdjèn. Keur kitoe koeroenjoeng Bagènda Ali soemping sasarengan sareng hidji tamoe bangoen oerang djaoeh.

Tjik noe mana Bagènda Ali téh?

Eta tèa aki-aki noe sareng Kian Santang; nalika patepang di djalan, harita téh Bagènda Ali rèk angkat kana damel

Leuh paingan atoeh ari kitoe mah, sihorèng iteuk noe ditantjebkeun téh tetekenna Matjan Allah, paingan teu beunang ditjaboet, da lain. saiteuk-iteukna, èta mah teteken pangdodja minangkaña.

Saoer Kangdjeng Nabi s.a.w.: „Koe naon Ali bét kabeurangan?”

Walonna: „Ieu aja fatamoe ti Djawa noe maksadna marag badé ngadjorag abdi, hojongeun diajonan djadjatènna”.

—,Oh kitoe!” Hajoe atoeh oerang di-garawè”.

—,Abdi goesti mah oepami diwidian badé wakil baè ka ieu tamoe”.

Ti dinja proeng didaramel „Kian Santang barang ningali kana tohangana èta tihang noe diwakilkeun ka andjeunna dina manahna geus aja kersa badè medal sila geus mangsar-mingsir horéam, tapi kapaksa jèn koedoe diangkat. Koemaha boektina? Tihang kabèh geus nangtoeng ngan Garantang setra njalira noe masih okèng-okèngan, boro-boro ka nangtoeng tèa, teu onggèt-onggèt atjan.

Sanggeus boekti ki djago Djawa békak dengkak, salirana geus rembes koe kaseér getih, ènggal digentènan koe kekentong Arab, nja Bagènda Ali tèa; hih ari djoeng téh semoe hampangeun pisan, tihang geus ngadeg sakoemaha mistina.

Gagak-loemajang wirang lingsem koe noe narongton, tjindekna baé geus teu aja oentoepan ka Bagènda Ali tèh, anggoer rèk maboer baè; bioer ngapoeng nèndjrag boemi tiloe kali, teu sabaraha loehoerna koleang deui ka handap ragrag; ladjeng ngadadel djagat rèk neroes boemi meulah lemah, tapi anèh tjoepar pangawasna sagala teu tiasa, istidjradna taja noe moedjidjat, tètèla jen taja oentoepan njangga poelia, salira ngadak-ngadak laleuleus satoelang sandi nahnj taja pangawasa, ngaloempoeroek barina njoeöh taja daja ripoeh noe tanpa wilangan.

Sabot lalesoe kitoe tjilik bari nangkeup harigoe, ngèmoetkeun bagdja salira bet dgorodjoj aja manah kabongroj pahaj lebet Agama Islam, ongkoh baè deui ningali ka Kangdjeng Nabi ngadak-ngadak aja galih mikajoengjoen kapèlèt koe dedeg pangadeg salirana, anoe geus patepang teu kadoega kana paänggang deui.

„Ah ajeuna mah,” tjarèk manah Kian Santang „isinnja isin, rek ngadetedkeun manèh baé sakalijan rèk goegoeroe soeseganan bahan kataimp”.

Ti dinja ladjeng oendjoekan ka Kangdjeng Nabi jèn badè koemoereb masrahkeun salira sanadjan rèk dibeureum dihiddeung ogè. Gantjangna tjarios mah koe Kangdjeng Nabi geus katampi malah harita kènèh diberesihan sina salin Agama, asal Hindoe koe Islam.

Lami ti lami Garantang-Setra djene-niganana oge digentos nja eta Soenan Rachmat panglandi Kangdjeng Nabi, sareng dipiwârang moelih deui ka Djawa ngislam-ngislamkeun anoe marasih mi-goesti kana berhala. Sasoempingna ka Djawa ngabojedjeng ka Galih Pakoean badè ngislamkeun ramana, tina koe èmoetanana moen Siliwangi geus islam tangtoe noe sèdjèn mah gampang, tanwandé na-roeroet ka noe djadi ratoena, nanging maksadna teu hasil, margi ramana teu pertjanten madjar tèh èta pèdah ti Mekah-na teu njandak piagem serat keterangan ti goeroena, djadi rada mangmang aringgis palsoe. Ti dinja kapaksa Soenan Rachmat moelih deui ka Arab moendoet tjap kaisla-

man tawis ti Kangdjeng Rasoeloeloh, sang geusna dipaparin ladjeng deui moelih ka Djawa.

Silih wangi parantos hemir-hemir mendak wartos poetrana geus aja deui di Djawa ngan tatjan soemping ka Karaton, mentegegna manah andjeunna teu kinten keuheul koe Kian Santang, makè loeman-to deui, da ari kana noeroet ka poetra lebet Agama Islam mah lapoer teu kaëmoet, tina parantos moehit kana Agama Hindoe, ari kana dipagak kersa poetrana bingoeng deuih, da geus tangtoe merangan, kana perang tèa tjindekna geus teu kaoentoep, poegoeh geus kaoeninga kagagahanana ti basa didieu kènèh, sok soemawonna ajeuna geus goeroe ka noe leuwih-leuwih, moal salah deui baè èlmoena leuwih ti noe enggeus-enggeus.

Radja Padjadjaran bingbang sësahna liwat ti oekoeran, doegi ka landjoeng lir keuna' toedjoe koeriling galih diroeboeng liwoeng, toengtoengna mèdal manah rèk lahlahan metjak salira medar istridjradna noe moedjidjad. Ti dinja ladjeng mariksa ka para boepatina, saha noe rèk anoc kana Agama Islam. Sadajana mioendjoek rèk toemoet kana kersa ratoena baé, Ari saoer Sili Wangi ajeuna kieu: „Ieu karaton oreng tjiptà sina djadi leuweung, ari maranèh kabèh rek didjadikeun maoeng”. Harita kènèh ladjeng njandak djimatna noe diseboet toekem kila gondi di goeratkeun kana lemah adjaib liwat ti misti, nagara noe sakitoe ramèna tèh djadi leuweung, djelemana ting lalanggeor boen-toetan djadi maoeng; noe djadi radja maengna Batoe-lajang Adji tocloej iang ka Santjang, sadatang ka Santjang dilandi Ratoe Pètak.

Ngan Patihna noe ngaran Arga teu kabaoed djadi maoeng, èta mah djadi mandjangan kantjana ,sarta dina manahna hemar hemir hojong anoet ka Kian-Santang, malah tibelat teu kinten mikajoengjoen ka Gagak-loemajoeng, dina manahna neneda moega poetra-poetrana mah sing djadi moeridna Soenan Rahmat; andjeunna ladjeng moeroe ka Padjadjaran sèwoe, barang soemping ka dinja gok tepang sareng Tjèlèng sarenggi (ratoe bagong,

kitoe?), harita teras djadi Patih deui Ki Arga teu djadi mentjek.

Siliwangi saparantos njipta nagara dja-di leuweung djelema mangroepa maoeng, andjeunna bingoeng ka mana nja geusan ingkah koe sieun papanggih djeung Soenan Rahmat, teu aja deui akalna anoe katjipta lintang ti neroes boemi rèk moeroe ka garwana noe geus lolos ti heula, ti dinja lep neroes boemi.

Katjatoer Gagak loemadjang barang soemping ka karaton Galih Pakoewan, hè-ran katjida bet geus djadi leuweung, ramana teu aja. Manahna ngangres èmoet ka sepoeh salah dipikahèman, tjèk èmoetana-na moal salah ieu rama tangtos nganggo djalan handap (neroes boemi), kadjeun ki-eu kadjeun kieu ngan koe palaj tepang heula baè, oelah teu poegoeh tjekelunana. Tidinja ladjeng mocroe ka Tegal-loear, sidik pisan tjan aja sapanjeupahaneun geus petjenghoel ramana medal tina lemah, atoeh barang gok geus teu kinten bingahna, ngan matak handueul lain meumeueusan lantaran Silih wangi barang rêt ningali poetra ngantosan, tina awahing sieunna, lep deui baè ka dasar boemi.

Tjik hajoe oerang soesoel Sili-wangi, keun toenda baè lanan Kian Santang mah, ka mana teroesna?

Ana petjenghoel tèh Siliwangi bet geus di lebah Pal noendjoek djalan Malabar), andjeunna barang rèk ka loear, titingaliana bet siga aja Gagak-loemadjang, atoeh lep deui baè silem; toer tèmah euweuh naon-naon, ngan koe tina bakating sing sieuneun baè. Ti dinja moentjoel deui di lebet Padarek, tapi nja kitoe deui baè kawas di Pal noendjoek, teu toeloej ka loear. Noe matak aja ngaran Moendjoel. — (Nanging noemoetkeun sasakala anoe sanès ajana Moendjoel tèh sasakala Ratoe Timbanganten noe badè dipopoësan koe Patihna). — Tjisna ka loear ti dasar boemi Siliwangi tèh di Tjikaso, bari njampeur garwana di Ratoe Matoen, ladjeng andjeunna matoeh di Doerjansewoe (Padjadjaran Sewoe?) nja gok tepang sareng Patih Arga.

Ka mana ari Soenan Rochmat djoedjoe-loek Garantang Sètra noe katelah Kian

Santang, Gagak-loemadjang noe katjeloek Gagak-loemadjang?

Keun engkè oerang ladjengkeun.

Panaloengtik kaajaan Djawa baheula.

II.

Ajeuna mangga oerang tjoektjroek ratatanana babad-babadna sareng kaadabanana oerang Djawa koe pangaroehna Hindoe téa, mapaj bahan noe geus aja.

Mimitina kawasna koerat-karèt pibahan-neunana tèh, nja èta ngan tina: adeg-adegan, artja-artja (tjandi), boekoe-boekoe (tjarios babad alam Madjapahit sareng sapandeurieunana), tina toelisan dina batoe-batoe sareng tambaga. Ari katoeroeg-toeroeg kanjaho oerang kana Djawa-koeno rèa, naker koetjiwana. Tapi saenjana ari bahan mah geusan pamoeka koemaha kaajaan Djawa djaman baheula tèh laloe-asa pisan, pirang pirang anoe kènging dianggo djalan ngalaksanakeun pakarepan.

Dina toelisan-toelisan baheula koe oerang kapendak babad perkawis ngolah nagara (Elmoe pamarentahan) Ekonomie sareng agama. Nja kitoe deui tina babad anoe ajeuna dianggo loeloegoe tjoektjroek-kan, nja èta kitab Nagarakrtagama sareng Pararaton, lian ti sadjarah tèh oerang bisa terang deui perkara agama sareng kaajanana tanah Djawa dina mangsa harita.

Ari tina wawangoenan-wawangoenan, lian ti bisa èbrèh kabinangkitanana (kunst), babakoena tèmbong deui rasana anoe gelar panarik agama. Oepami nilik kana potongan eta wawangoenan, kana artja-artja anoe kapendak di dinja, sareng nilik kana tempat ngadegna èta wawangoenan tèa, oerang tiasa nangenan, sarta nangtoekeun kaomna èta djelema anoe baroga jasa, djeung kapendak deui alamna atauwa waktoena ngadeg.

Djadi saparantos koe oerang ditaloengtik leres-leres, kaoeninga gelarna sadaja tittinggal anoe baheula tèh, teu ingkar tina

agama. Nja agama anoe ngageugeuh kahindoean di Djawa tèh.

Di antawis wawangoenan-wawangoenan baheula tèa, henteu aja tilas karaton, ngan tjandi-tjandi woengkoel. Ari karaton djeung imah mah baheula tèh kawasna sadaja ogè kai, ngan pademenna aja anoe tèmbok. Tawisna di padataran Goenoeng Dièng koe oerang ajeuna kapendak aja pademen anoe moal salah oeroet karaton (imah), da atoeranana pajoes pisan lamoen dibandingkeun djeung imah oerang Djawa djaman kiwari tèh.

Panglinggihan para Dèwa-dèwa baé woengkoel anoe tarohaga tèh, bahanna anoe awèt teu gampang roeksak, sarta pohara dipoesti-poestina.

Saha ari Dèwana anoe harita koe oerang lieu disajagikeun panglinggihan anoe sakitoe dipoesti dipoendjoeng-poendjoengna tèh?

Demi Dewana anoe babakoe, nja èta Dèwa agama Hindoe anoe tiloe tèa, anoe relar tina Katoenggalan. (babasan Djawa, Teloe-teloening ngatoenggal), nja èta: Batara Brahma, Batara Wisnoe sareng Batara Siwa. Eta anoe tiloe Dèwa pada poe-roeuh geugeuhanana, nja èta:

Batara Brahma anoe ngajoega kawasa ngagelarkeun boemi alam koem sapangeuna.

Batara Wisnoe anoe kawasa Roemaksa sa rat djagat wawajangan.

Batara Siwa ngageugeuh kakawasaan geueweuhkeun soergi noe gelar. Andjeunna anoe ngamoesnakeunana.

Diantara èta anoe tiloe Batara, ngan Brahma noe pangkatèlèr-tèlèrna, teu pati dipoesti-poesti, teu rèa artjana teu tjara ioe doea deui. Malah teu aja artja Barahna anoe kapendak njalira, ajana dina pa-moedjaan tèh, lain tjara Wisnoe djeung Siwa. Koedoe baè Brahma mah dianggo rè-vang Wisnoe djeung Siwa dina artjana tèh

Ari Batara Wisnoe, boh toenggang ga-roeda boh henteu, pohara dipoesti-poesti liloehoengkeunana, malah lain dina mangsa djoemenengna Batara baè, dalah dina ngaraga badag, mangsana loemoengsoer ta alam lahir ogè, dina anoe dibasakeun sapoeloeh awatara tèa, dipoesti-poesti baè

djeung di woedjoedkeun koe artja deui. Wisnoe tèh loemoengsoerna ka lahir sapoeloeh kali, 10 awatara, baris nangtajoe-ngeus alam nolak bahja pangroeksak boeana, njegah panandasana boeta sètan anoe kaniaja ngarantjana doenja. Sakoe-maha anoe parantos kaoeninga koe sadaja, nja èta Batara Rama sareng Keresna, anoe kalebet kana anoe sapoeloeh awatara tèh.

Garwana Batara Wisnoe djenenganan Laksmi atawa Dewi Sri (Nji Sri), di dieu mah di Djawa ngan woengkoel dianggep déwana parè, ari di Hindoe mah koem djadi Batari anoe ngageugeuh kawalojaan.

Ari anoe pangdipigoestina diantara èta tiloe Dèwa noe Kawasa, nja èta Batara Siwa. Andjeunna mah lian ti dipoesti dina djoemenengna Maha dèwa keur nitih nandi (toetoenggangana) atawa henteu, djeung dipigoesti deui dina gelar mandita djadi toekang tatapa, noe biasa diseboet Batara Goeroe tèa. Diwoedjoedkeunana salira bajoejoeh parantos sepoeh njepeng tasbè, tjoepoe, sakapeung njandak trisoela sareng tetepak, salamina ngadeg (arang langka aja Siwa Goeroe anoe tjalik). Lian ti èta Batara Siwa tèh koe artja diwoedjoedkeun djadi Mahakala (Batara Kala), anoe roepana matak pikagilaun, salira kadia raksasa, sotja molotot waos ranggètèng, njandingkeun oepawita (rantajan tangkorèk), ari dina djoemeneng Siwa rantajna tèh oraj. Ari Maha dewa mah biasana dina makoetana, nganggono gambar tangkorèk tèh.

Kadjabi ti èta aja deui artja dèwa anoe sering kapendak, nja èta Doerga sareng Ganèsa.

Batari Doerga garwana Batara Siwa, artjana taroeng sareng napsoe noe ngaroepakeun maèsasoera. Karèrèanana Batari Doerga tèh ngadeg dina bantèng maèsasoera téa, anoe tina beuheungna medal djin tattoe mangroepa djelema katè mawa pakarang. Koe Batari Doerga èta ki katé didjambak koe panangan kiwa, ari panangan tengen njepeng boentoetna banteng anoe didampal tèa. Pananganana djaba ti eta noe doea, biasana aja deui noe sèdjèn, aja noe 6 nepi ka 8 dianggo njepeng roepi roepi pakarang.

Ari Ganésa, poetrana Batara Siwa ti Parwati (Parwati tèh goemelarna garwa Batara Siwa). Ganésa djadi dèwana kabidjaksanaan, toekang naratas noempes panghalang. Dina sorot sotjana atra katingal bilipetna akal, iasa ngadjait manoesa tina karerepetna, nja andjeunna deui dèwana djalma noe djarahat djeung padagang toekang balantik. Sirahna kawas sirah gadjah, biasana tjalik artjana, pananganana njepeng wadah noempang kana tekoena.

Oepama koe oerang ditaloengtik tangtos kaoeninga jèn oenggal-oenggal artja, saroe-pa saroepana ajana di sababaraha tjandi pada poegoeh padoemoekan atawa tangtoe ngibalatna, pada boga madhab, nja èta artja Mahadéwa salamina di sisi lawang. Ganésa di beulah toekang, Batara Goeroe beulah Kidoel, ari Batari Doerga beulah Kalèr.

Tah ngan sakitoe anoe djadi babakoe dèwana agama Hindoe tèh, anoe biasa di dieu mah. Sadajana gampang ngatarakenana, lain deui djeung artja-artjana agama Boeda.

Artjana Boeda kadjabti ti Boeda Gotama anoe diwoedjoedkeun kawas pandita anoe dina mastakana aja anoe ngaboendil siga sanggoel (Usnisa, ngaranna), ari dina tarangna aja noe ngabendil siga koetil (oerna, diseboetna), aja deui anoe diroepa-keun dhijani-Boeda artja kamanoesan.

Eta artja-artjana tèa bédana ngan dina pasang peta panangan ance diseboet moe dra tèa. Sadajana ngawoedjoedkeun Boeda anoe bakal loemoengsoer ka clam lahir, anoe diseboet Boedhisattwa tèa, nganggo anggoan kadéwaan tawis kaloehoengan.

Dilantaraneun koe moepoesti kana Boedhisattwa, sarta migoesti ka garwana Boeda sareng ka istrina Sang Hijang Goe-roë (Boedhisattwa) nja lila-lila mah oe-rang dieu baroga anggapan jèn Mahajana di Djawa djadi agama Boeda) anoe djadi agama tèh tjara kabarahmaan deui. Nanging di dieu moal njarioskeun deui agama Boeda, moeng perloe kaoeninga salah sahidji Boedhisattwa anoe pang dipoen-djoengna nja èta Awalskitegwara, ari Batarina anoe pang dilohoengkeunana nja

èta Dèwi Prajjaparamita. Dina wiwitan ieu karangan parantos ditjarioskeun jen teu kirang bahan anoe kenging dianggo ngagoear Djawa alam koena. Manawi aja anoe kagoengan èmoetan, jèn ana kitoe, atoeh tangtos para boedjangga anoe la-loehoeng panemoena ariasa ngadamel sadjarah Djawa. Eta ogè nja kitoe, nanging rèa-rèa wagelanana, nja èta babakoena lantaran èta pibahaneun tèa sawarèh kapalang tanggoeng, teu sampoerna katranganana, nepi ka pikeun njaroengsoem kokoeranganana tèa oerang koedoe ngoeng-kab noe lian. Tapi èta panjaroengsoemna tèa roepa-roepa djalanna, toengtoengna beubeunanganana ngajoeman tèa ogè, ka djadianana nja teu sapatotos deui, rèa mentjogna ti anoe lian.

Geura oepami oerang njoekjtroeck tina wawangoenan patilasan baè saboetochna heulaanan, oedjoeg-oedjoeg kaoeninga baè soelajana paham para boedjangga anoe nerangkeun ngadegna patilasan-patilasan tèa. Koe soergi anoe ngoelik kabinangkitan (kunst) Djawa Hindoe, tangtos kaoeninga jèn èta kabinangkitan pitoean anoe Djawa, karana di Hindoe teu aja kabinangkitan kitoe, tjontona sapertos wawangoenan patilasan di Djawa Tengah. Tapi meu-reun aja anoe nanja: Koemaha katranganana pang èta pitoein kabinangkitan Djawa?

Dina sangka sapalih boedjangga, tjandi-tjandi di Djawa tèh, beunang ngadegkeun oerang Hindoe, patoekangan anoe palalinter ti Hindoe marag ka dieu ngaliarkeun kabinangkitanana, sarta di dieu ngaradegkeun tjandi rada bèda ti anoe diaradegkeun di nagarana, lantaran katarik koe pangaroerna oerang priboemi djeung koe kaajanan tanah di dieu.

Ari dina pamanggih sawareh boedjangga mah lain kitoe, tapi oerang Djawa samémèh njaraho djeung barisa ngadegkeun tjandi batoe, ti baheulana geus baroga bangsa tjandi kai, anoe geus aja windoena ngadegna di dieu sarta adeganana noeroetkeun potongan sorangan. Djadi tjeuk ieu mah, tjandi batoe téh ngan kamadjoe-nana tina adegan kai tèa baè, tanda ma-djoena kabinangkitan gelarna piwoeroek

Hindoe anoe lila-lila kabaoed deui koe pangaroeh asal, kaindonesian tèa, lantaran henteu kásiram deui koe èlmoe Hindoe anoe alanjar.

Djadi tjindekna pamendak boedjangga anoe bieu mah: Kabinangkitan adeg-adegan anoe kapendak patilasanana Djawa tèh, sanès ti mimitina piwoeroek Hindoe tèh, tapi asal pitoein kabinangkitan Djawa, tapi djembar toemoewoehna nja koe piwoeroek Hindoe dina waktoe oerang Hindoe daratang ka dieu tèa.

Tapi dina paham boedjangga anoe lian deui mah, lain deui sareng èta, saoer ieu mah: Teu aja pisan katrangan anoe beunang ditjekel, anoe nétèlakeun kabinangkitan oerang dieu kana perkara wawangenan patilasan tèa jèn asal ti Hindoe, sabab lain-lainna deui sareng anoe aja di tanah Hindoena, bèda kabina-bina. Ari èta pang bèda potongan adegan tjandi Djawa sareng tjandi di Hindoe, taja lian sababna ngan lantaran anoe di Djawa mah lain beunang Hindoe, tapi toelèn beunang oerang Djawa. Sarta oerang oelah boga sangka jèn baheula aja sababaraha boebohan Hindoe anoe bareng datangna ngadon baloebœara di dieu, tapi enjana — saoer boedjangga anoe ka tiloe tèa mah — baheula tèh ngan sawatara goeroe agama baè ti Hindoe anoe laloenta ka oerang tèh, sarta daratangna ka dieu rèk ngaliarkeun agamana. Di oerangna ngawoeroek ka moerid-moeridna kalawan toe-doeh djalan tina boekoe boekoe Cilpasas-tra (bouwkunst), koedoe koemaha ngadegkeunana èta patempatan sesembahanana tèa.

Oempami oerang naloengtik kaajaan tjandi di Djawa engkè kaoeninga jen ngagarapna tèh saniskantenna langkoeng gemet langkoeng imeut toemoet sakoemaha papagon anoe aja dina toedoeh djalan, langkoeng ti batan tjandi-tjandi anoe aja di Hindoe. Eta taja lian sababna ngan anoe njieun katoengkoel koe kapertjajaan, sangkan djidjieunananana (tjandi tjandi tèa), dipikabetah sarta soeroep kana panggonan Déwa Batara, koe margi èta katjida ati-atina, inggis bilih soelaja tina oegeran sareng papagon oengelna kitab, da moeng-

goeh maranèhanana pribadi mah tatjan boga katangtoean bangoen adegan soranjan.

Eta deui margina noe mawi soelaja sareng babagian adegan anoe di Hindoe, tina oerang Djawa anoe ngaradegkeun tjandi tèa, teu iasa belèkè ngawoedjoedkeunana dina batope toemoet katrangan saoengelna kitab tèa, koedoe koemaha saenja-enjana bangoenna tina lantaran teu atjan oeninga boektina.

Papaès-papaès dina tjandi Djawa anoe pangkoenana, langkoeng reunjeun langkoeng saè batan di Hindoe, sareng koemaha tjandi di oerang langkoeng narimbangan batan di ditoe. Naha oerang Hindoe tèh pitiasen dadak sakala ari datang ka Djawa aritoeloej robah baè bèda ti asal?

Tah dina perkawis ngadegna tjandi ogè geuning tètela geus aja tiloe paham.

Tjeuk boedjangga anoe ka hidji: „Oerang Djawa oelah akoe-akoe angga ngakoe boga kabinangkitan ngadegkeun tjandi, da èta mah beunang oerang Hindoe, geuning boektina toetoep djaman Hindoe, kabinangkitanana ogè miloe moesna, toeroeg-toeroeg ajeuna oerang Djawa tèh teu katinggal topèkna kana loehoengna kabinangkitan adeg-adegan (architectuur) !”

Ari tjeuk boedjangga anoe ka doea mah, èta tjandi tèh beunang Djawa, tapi Djawa-Hindoe, hartina Djawa anoe geus kase-repan èlmoe Hindoe, komo dina mapae-sanna mah, tapi ari projectna (gambar tjontona) lamoen lain beunang Hindoe toto nja beunang Djawa-Hindoe, anoe geus kaserepan bener èlmoe kahindoeanana

Ari tjeuk boedjangga anoe ka tiloe, kabèh ogè jasana oerang Djawa, beubeu-nangan Djawa, tapak leungeun oerang Djawa. Da ti Hindoe mah ngan oekoer meunang panoengtoen (leiding) ti pandita Hindoe kitoe ogè.

Eta anoe tiloe roepa pamendak hèsè di-poetoesna, lantaran boekti anoe kapendak beunang dipakè pakarang koe tiloeanana. Tètela para boedjangga ogè teu atjan sapagodos, teu iasa nangtoskeun mana anoe enja.

Ladjengkeuneun
Dr. M.

Baheula.

Samboengan P. S. No. 1.

Maksoed oerang Portegis ance matak njorok ka Radja Soenda, taja lian ngan arèk lalangganan dagangan. Oerang Soenda kadatangan oerang Portegis téh soeka boengah, pedah harita keur perang djeung oerang Arab téa, rasa aja geusan njarandoe mènta toeoleng dipanglawanneun moesoeoh. Dina tanggal 21 boelan Agoestoes taoen 1522 geus njieun kontrak (soerat perdjandjian) djeung oerang Portegis, nja èta: Oerang Portegis kawidiana ngadegkeun bëntèng; kènging noekeuran pedes sasoekana koe barang-barang anoe goena di Soenda; oenggal taoen bakal nampa hadiah ti Radja Soenda, pedes 1000 karoeng keur ka Radja Portegis, tanda mimitrans.

Anoe njaksian èta soerat perdjangdjian aja 3 ponggawa karadjaan Soenda: 1 Mandari Tada, 2. Tamungo Sangue de Pate, 3. Bengar sahbandar palaboean.

Eta anoe 3 ponggawa karadjaan nampi dawoehan ti Kangdjeng Radja, bari koedoe ngadjeudjeuhkeun oerang Portegis, sarta noedoehkeun pitempateun geusan ngadegkeun bëntèng djeung tempat manggerkeun lingga tanda mimitrans téa.

Waktoe nanggerkeun èta batoe lingga di sisi moeara Calapa, pèsta ramè pisan.

Soerat kontrakna téa ditawis koe Ratroe Soenda.

Nalika toean Pinto kapaksa lila di Banten lantaran teu atjan rèa meunang pedes, sanggeus doea boelan ngendekna, djol soemping hidji istri oetoesan ti Demak djenenganana Nhajj Pombaija ngadeuheus ka Kangdjeng Radja, ditimbalan njaoer Kangdjeng Radja baris ditjandak ngaroeroeg ka Pasoeroean. Dina tanggal 5 Djanoeari taoen 1546 broel Kangdjeng Radja djengkar diiring koe 7000 (toedjoeh reboe) wadia balad, nemonan panjaoer ka Demak, baris ngiring taroeng djoerit. Di antara 46 oerang Portegis anoe mangsa harita aja di Soenda téa, aja 40'anoe ngiring ka Kangdjeng Radja, haripeut di-

tjandak baris ngaroeroeg téh lantaran héroj koe djandji bakal sakama-kama ngoendjalna dagangan.

Ti Demak oerang Portegis mah njoe-hoenkeun widi maroelang deui ka Banten sabatoerna sésa noe maraot. Koe Kangdjeng Radja diwidian, sarta oerang Portegis dipaparin hadiah, malah ahli waris oerang Portegis anoe kasamboet dina perang ogè dipaparin hadiah roepi-roepi barang deui, dibahankeun ka batoerna anoe hariroep kénèh.

Salsilahna Radja-Radja Padjadjaran.

Anoe mimiti djoemeneng Adji kakasih-na Praboe Seda, toeroen ka Praboe Sèda ing Pakoewan, toeroen Praboe Moending Kota,

Praboe Moending Kota, *Kawati*
Praboe Kalangoen,
Praboe Moending Sari, *✓*
Praboe Siliwangi,
Praboe Anggalarang,
Praboe Linggawastoe, *✓*
Praboe Toenggal,
Praboe Soesoek Toenggal,
Praboe Soesoen Djati,
Praboe Pakoewan,
Praboe Linggang Mija,
Tjioeng Wanara,
Loetoeng Kasaroeng,
Darmarèhè,
Praboe Dèwata,
Praboe Djajadèwa,
Praboe Manditi,
Praboe Dèwa Pakoewan,
Praboe Radja Dèwa,
Goeroe Toenggal Sakti,
Goeroe Toenggal Seda,
Goeroe Toenggal Boewana,
Ti dieu toeroen ka
Praboe Seda, *✓*
Poetjoek Oemoem,
Praboe Alènglèng,
Sanghijang Kakalèng.

SEDJARAH BANTEN.

Ngalana.

Objag di mana-mana ajeuna mah para nonoman kana ngaroelik ngibing, malah di Tasik, di Bandoeng, di Tjiandjoer sareng di pakemitan-pakemitan anoe raramè mah, parantos aja pagoeron ngibing anoe biasa diseboet keurseus tèa. Anoe geus djadi ibingna sanès doeaan tiloean, rendang di oenggal tempat, kapan parantos ngadeg kongkoer 'ngibing saniskanten Ieu anoe ngiring kana kongkoer, babakoena nja kaloearan keurseus tèa. Anoe parantos tamat keurseus, sapalih mah koe oe-rang kaoeninga, rèh pada karagoengan diploma (piagem) ngibing; sanès tingalewir kertas tjitak sapertos piagam sakola diploma ogè, nanging ieu mah dina badè najoeb tèh kedah **ngadjingdjing toekang kendang**, diiring koe sodèr djeung keris, tapolana mah sareng kendang leutikna deui mekel ti boemi.

Matak resep ningalikeun, ngibingna tèh garagah karosèn, pating tjaleprèt njarè-pak sodèr, lagoe bèndrong Tjiamisan soe-roep kana wanda Soenda noe goembira tèa.

Oepama koe oerang diintip rèngkak-rèngkakna, tangtos kaoeninga jèn ibing anoe ajeuna eukeur dipikaresep tèh pokona:

1. Ngalana atawa nopèng.
2. Ibing katjirebonan atawa soemedangan.

Ti dieu **dipentjar** sareng diraëh deui djadi sababaraha roepi. Aja ibing ngalana dipasieup koe ibing katjirebonan, aja ibing katjirebonan dilambon koe nopèng, aja ngalana disaroengsoem laga mentja, nganggo kelid ditambah takis di eujeub-eujeub koe djoeroes timpah djeung dèpok sagala roepa, koemaha lojogna pangabogoh anoe kagoengan soeroepan baè.

Nanging ari lègèg sareng rèngkak **ngalana** atanapi **nopèng** tèa mah, kawas-kawasna teu ara tinggal dianggo dimamana, malah siga èta anoe djadi loeloegoe, ibing lantjaran mah ngan sambian dianggo ngaso baè.

Koe margi kitoe, perloe oeninga ngalana tèa, koemaha larap rap-rapanana.

Ngalana tèh nja èta niron tingkah polah (ibing) noe keur kaèdanan. Ibing kalana aja doea roepi, aja kalana gagah, aja kalana lemes, doeanana ogè gambar anoe keur kabaelenglengan koe bèbènè baè, prakna ngan kari koemaha pamilih kari koemaha soeroepan wanda salira. Rèng-kakna tangtos pisan sanès deui sareng ringkang satria madjoe perang, atawa ibing anoe noedjoe woejoeng, ieu mah èdjè-gèlèr dètè sèsèrèntèng teu ngeunah tjitjing, da poegoeh paningkah anoe keur matjeuh, toer geregeteun koe hajang geura gok, hajang geura gaproek djeung anoe dilamoen tèa. Tepak kendangna ogè ibing èta mah sanès doeng-plak blang-doet, tapi makè toeroeng-toeng dong-dra dong-dra.

Anoe ngalana moal bisa keuna enja kana rèngkakna, lamoen henteu keur katerrap atawa teu atjan ngarandapan kasawat kaèdanan tèa.

Geura tingali ieu gambarna.

Gambar 1. sareng 1a. disebatna: Milang-miling.

Ibing anoe keur ngawas-ngawas ti kangan-gangan, dangdak-dèngdèk ngilikan soegan bèbènè geus tèmbong. Djèngdjilè lahak-lèhèk koemasèp soeroepna tèh, manah ratoeg asa geus gok.

Gambar 2. ngaranna Oelap-oelap.

Lantaran teu atjan awas kènèh, nja disawang diteges-teges soegan djeung soegan katingali rentangna, koe hajang geura patepang dilongok didepong teu geura tèmbong.

Gambar ka 3. diseboetna: Metoeng (Ngètang). Peta milang ramo ari sajaktosna mah, ngan geus dirèka tèa baè. Mak-soedna keur ngitoeng balad idjrahan pitheuneun henteuna, lantaran noe dènok teu geura tèmbong, boga karep arèk dipaksa diiwat, ditaragal direboet koe karongkahan

Gambar ka 4. Njamber.

Nereleng djèngkè bari ngalajang tjara noe hiber. Peta beunang ngalamoen èta kitoe tèh, nja èta ngeunteupkeun rasa dina gokna tepang, dilamoen koe noe keur 'ge-



Fig. 1



Fig. 1a.



Fig. 2.



Fig. 3.



Fig. 4.



Fig. 5.



Fig. 6.



Fig. 7.



Fig. 8.

424 45

III n°2 p 30 bis



Fig. 9.



Fig. 10



Fig. 11.



Fig. 12.

III n°2 p 30 le

426 ^{le}



Fig. 13.



Fig. 14.



Fig. 15.



Fig. 16.

III n°2 p 30 "quato"

126⁴



Fig. 17.



Fig. 18.



Fig. 19.

III no2 p30 "éme"



Fig. 19a.

424

regeteun, soegan tèmbong rèk dirontok, tina geus kesel ngantosan.

Gambar ka 5. Keprok.

Lantaran, disawang weléh teu tèmbong, dilamoen arèk diboeroe, ari sérèntèng bet kosong, soegan koedoe dikeprokan; naah bet harianeun, ka noe sakitoe keur ba-loeweng tèh, teu geura hol nemonan.

Gambar No. 6. Ngasèp.

Lantaran mentas dikeprokan tèa, moal boa tangtoe kadangoeun, moal lila deui ogè tèmbong, geuwat ngoemis geuwat ngasèp bisi aja anoe koesoet sieun matak teu pikajoengjoeneun noe djadi djoeng-djoenan tèa.

Gambar No. 7. Antra-djamang.

Memener siger (djamang) bisi teu bérès, sapertos gambar No. 6.

Gambar No. 8. Ngoegar-sinom (Noer-ronkeun amis tjaoe).

Sapertos No. 6 tèa.

Gambar No. 9. Miwir-kepoeh.

Ngèwérkeun sindjang, teroesanana gambar No. 8

Gambar No. 10. Atrap-soemping.

Mèmèrès soesoemping, ieu ogè peta-peta samboengan No. 6 tèa.

Gambar No. 11. Oekel Tangan.

Panambah kakomasèpanana, bari nanggap goemebjarna lèlèpèn anoe keur dianggo, toetoegna kagindingan bisi njolèdat engkè ditampik.

Gambar No. 12 Lambejan.

Ngeupatkeun panangan, nèmbongkeun kabentikanana kalemesanana.

Gambar No. 13. Dolanan soemping.

Njoo soesoemping namatkeun kakomasèpanana.

Gambar No. 14. Hatoer-hatoer.

Ngalamoen aja tawis sotja anoe rèk disanggakeun.

Gambar No. 15. Ngomè sodèr.

Njoo sodèr tamba nganggoer oelah ge-regeteun teuing.

Gambar No. 16. Njoo lèlèpèn.

Gambar No. 17 Mandjangan ranggah.

Ieu djadi perlambang angkenan kasèp taja noe nanding, ieu aing anoe pang-pangna toetoegna panjèta hatè.

Gambar No. 18. Sekar soehoen.

Toetoegna ngalamoén, tjara peta anoe keur moendoet ditjoetjoendoekan mastaka koe bebènè. Mangga ieu abdi soemarah pasrah!"

Gambar No. 19 sareng 19a. Ngilo.

Ngatja ningali kategepan pameunteu anoe kasèp taja koetjiwana. Dina manah aja dir hajang katangar: Tèndjo ieu! Lalaki langit, lalanang djagat.

Tah kitoe awitna mah ibing kalana tèh.

Ngadjadjah Pasoendan.

Ajeuna mah oerang mapaj pamöedjaan-pamoedjaan heulaanan, anoe biasa sok di paroendjoeng-poendjoeng kénéh, soepados kaoeninga koe sadaja.

1. Di dèsa Tjilangkap, kinten-kinten sapal langkoeng tebihna ti Manondjaja, aja sirah tjai, sok diaranggo pamandian, tjaina kérang ngagenjas, teu aja saatna nadjan katiga banget ogè. Eta pamandian jasana Kangdjeng Dalem Manondjaja soeargi, Radèn Toemenggoeng Wiratanoebaja nalika djoemeneng boepati. Di dinja aja doea artja pahareup hareup, diparenahkeunana dina tetelarna anoe hidji artja Ganesa anoe dioek, dina daoen taraté, anoe hidji deui batoe lingga tilas sesembahan alam Hindoe. Sanès ti baheula na éta artja aja di dinja, doeana ogè kenging njanduk Kangdjeng Dalem ti tempat sanès. Ganesa asalna ti Goenoeng Indaradja di Tjiparaj distrik Bandjar, malah aja kénéh di Indaradja artja anoe sanès sareng patilasan patilasanana.

Ari lingga, disebatna Linggakantjana, awitna ti G. Linggakantjana Tjitjapar Kawasen. Eta anoe doea artja sok dipoedja kénéh aja anoe ngembang dina mangsana aja karerepet.

2. Di Waroeng boeah distrik Bandjar aja batoe mangroepa gadjah teu pati tebih ti sisi djalan, disebatna

regeteun, soegan tèmbong rèk dirontok, tina geus kesel ngantosan.

Gambar ka 5. Keprok.

Lantaran, disawang welèh teu tèmbong; dilamoen arèk diboeroe, ari sérèntèng bet kosong, soegan koedoe dikeprokan; naha bet harianeun, ka noe sakitoe keur ba-loeweng tèh, teu geura hol nemonan.

Gambar No. 6. Ngasèp.

Lantaran mentas dikeprokan tèa, moal boea tangtoe kadangoeeun, moal lila deui ogè tèmbong, geuwat ngoemis geuwat ngasèp bisi aja anoe koesoet sieun matak teu pikajoengjoeneun noe djadi djoeng-djoenan tèa.

Gambar No. 7. Antra-djamang.

Memener siger (djamang) bisi teu bérès, sapertos gambar No. 6.

Gambar No. 8. Ngoegar-sinom (Noer-roenkeun amis tjaoe).

Sapertos No. 6 tèa.

Gambar No. 9. Miwir-kepoeh.

Ngèwérkeun sindjang, teroesanana gambar No. 8

Gambar No. 10. Atrap-soemping.

Mèmèrès soesoemping, ieu ogè peta-peta samboengan No. 6 tèa.

Gambar No. 11. Oekel Tangan.

Panambah kakoemasèpanana, bari nanggap goemebjarna lèlèpèn anoe keur dianggo, toetoegna kagindingan bisi njolèdat engkè ditampik.

Gambar No. 12 Lambejan.

Ngeupatkeun panangan, nèmbongkeun kabentikanana kalemesanana.

Gambar No. 13. Dolanan soemping.

Njoo soesoemping namatkeun kakomasèpanana.

Gambar No. 14. Hatoer-hatoer.

Ngalamoen aja tawis sotja anoe rèk disanggakeun.

Gambar No. 15. Ngomè sodèr.

Njoo sodèr tamba nganggoer oelah ge-regeteun teuing.

Gambar No. 16. Njoo lèlèpèn.

Gambar No. 17 Mandjangan ranggah.

Ieu djadi perlambang angkenan kasèp taja noe nanding, ieu aing anoe pang-pangna toetoegna panjèta hatè.

Gambar No. 18. Sekar' sochoen.

Toetoegna ngalamoen, tjara peta anoe keur moendoet ditjoetjoendoekan mastaka koe bebènè. Mangga ieu abdi soemarah pasrah!"

Gambar No. 19 sareng 19a. Ngilo.

Ngatja ningali kategepan pameunteu anoe kasèp taja koetjiwana. Dina manah aja dir hajang katangar: Tèndjo ieu! Lalaki langit, lalanang djagat.

Tah kitoe awitna mah ibing kalana tèh.

Ngadjadjah Pasoendan.

Ajeuna mah oerang mapaj pamoedjaan-pamoedjaan heulaanan, anoe hiasa sok di paroendjoeng-poendjoeng kènèh, soepados kaoeninga koe sadaja.

1. Di désa Tjilangkap, kinten-kinten sapal langkoeng tebihna ti Manondjaja, aja sirah tjai, sok diaranggo pamandian, tjaina kèrang ngagenjas, teu aja saatna nadjan katiga banget ogè. Eta pamandian jasana Kangdjeng Dalem Manondjaja soeargi, Radèn Toemenggoeng Wiratanoebaja nalika djoemeneng boepati. Di dinja aja doea artja pahareup hareup, diparenahkeunana dina tetelarna anoe hidji artja Ganesa anoe dioek, dina daoen taraté, anoe hidji deui batoe lingga tilas sesembahan alam Hindoe. Sanès ti baheula na éta artja aja di dinja, doeanana ogè kenging njandèk Kangdjeng Dalem ti tempat sanès. Ganësa asalna ti Goenoeng Indaradja di Tjiparaj distrik Bandjar, malah aja kènèh di Indaradja artja anoe sanès sareng patilasan patilasanana.

Ari lingga, disebatna Linggakantjana, awitna ti G. Linggakantjana Tjitjapar Kawasen. Eta anoe doea artja sok dipoedja keneh aja anoe ngembang dina mangsana aja karerepet.

2. Di Waroeng boeah distrik Bandjar aja batoe mangroepa gadjah teu pati tebih ti sisi djalan, disebatna

- batoe gadjah malah tempatna ogè katslah Batoe gadjah deui.
8. Di poentjak G. Sangkoer distrik Bandjar kénéh aja batoe mangroepa bangkong, diseboetna Batoe-bangkong, baheula mah katjida dipoesti poestina, pamoendjoengan anoe katjeloek pisan, ajeuna parantos teu pati aja noe terang. Oerang dinja tara njeboet „bangkong” da sieun katoelah, njeboetna bangkis.
 4. Di Goenoeng Indaradjà Bandjar, kadjabl ti artja Ganésa anoe dipinpinidahkeun ka Tjilangkap téa, aja deui hidji lingga batoe, anoe sok diparakè panajogaan.
 5. Di Pangandaran Kalipoetjang, aja makam anoe sok dipoendjoeng, anoe soemarè di dinja Sèh Djagong. Oerang Pangandaran anoe tjaraket ka ieu makam, tarà aja anoe wani njeboet djagong koedoe baè diganti koe „djantoeangan”.

Ieu makam baheula koe Radèn Salèh parantos dikali, pèdah disangka di djerona aja pependeman, lataran aja kabiasaan koena, ana aja noe kadèsèh perang atawa radja noe lolos mileuwéungan sok ngaroëang barang diroepakeun koeboeran. Anoe keuna tjilaka sanggeus ngabongkar èta makam, tjeuk oerang dinja mah katoelah, tjenah.

Saembara.

anoe diadegkeun koe Sociaal Technische Vereeniging sareng Java-Instituut, tina perkawis potret atanapi gambar imah oerang priboemi di Tanah Djawa.

Atoerana:

1. Pakempelan S. T. V. sasarengan sareng Java-Instituut ngadegkeun saembara (prijsvraag) ngadamel potret atanapi gambar imah priboemi tanah Djawa.

2. Sadaja djelema kenging ngiring kana ieu saembara.
2. Anoe disaembarakeun nja éta potrét potrètna atanapi gambar barna:

Sagala potongan imah atawa goendoekan imah oerang Djawa sareng Madoera, boh noe gedé boh noe leutik, teu pilih anjar heubeulna, teu toedoeh aja di kota atawa di dèsa, tjindekna anoe koemaha baè (djadi nadjan imah sisi anoe teu pisan pisan aja papaësna, kenging baè). Nja kitoe deui samaktana anoe aja didinja, saperti: dorana (panto lawang ka lemboer), papageranana, balandongan (pendopo, balè), padasan (pamandjan), tadjoeg, gardoeh dj.s.t.

Anoe kedah dipilih téh babakoena anoe potonganana, papaësna priboemi toelèn, anoe pikabogoheun sarta pantes dipirosèa.

3. Anoe kedah dikintoenkéun téh, kenging hidji potrét kenging langkoeng ti hidji, nja kitoe deui gambar kenging hidji kenging langkoeng, atanapi kenging oge potrét dibaroeng sareng gambar.
- Doepi gambar-gambarna, kenging gambar persepektip, kenging oekoeranana, kenging plattegrond atanapi oekoeran sareng plattegrondna disarengkeun.

4. Dina nimbangna baris ditelek-telek:
Babakoena dina milihna imah djeung samaktana téa, mana anoe pang benerna sarta anoe pangkeunana tempong kaanéhanana anoe digambar atawa dipotret téa. Ari ka doeana hade gorengna garapan potrètna atawa gambarna.
5. Pakeun gandjaranana disajagikeun artos f 500.— dibagi bagi sapertos di handap ieu:

- a. Gandjaran potret:
Hidji, prijs ka hidji f 75.— Doeai prijs, prijs ka doeai anoe sahidjina f 50.— Sareng tiloe, prijs ka tiloe anoe sahidjina f 25.—
- b. Gandjaran pikeun kana gambar:

Sapertos keur kana potret tèa haè.

Djadi djoemblahna aja 12 prijs sadajana. Nanging koe anoe djadi Jurij tiasa ogè diobah ngabagikeunana èta prijs prijs téh, nja kitoe deui oepami katimbang anoe lebet saèmbara tèa teu njoemponan kana mistina, nja moal dibagikeun prijsna.

Kintoenan tèa tiasa dipeser f 5.— ka saoeerangna deui.

Djenengan anoe kenging gandjaran (prijs) sareng anoe kintoenanana dipèsèr tèa baris diwawarkeun,, ari gandjaranana badé dikintoenkeun ka soergi anoe kedah nampi.

Jurij anoe moetoes, mana hidji hidjina kintoenan anoe kedah dipèsèr, sareng mana anoe kedah kènging gandjaran. Anoe dikintoenkeun koe saoerang èta dianggap hidji kintoenan, nadjan potret atawa gambarna langkoeng ti hidji (ti saroepa).

6. Hidji-hidjina potrèt atawa gambar tèa kedah diterangkeun gambar imah di mana èta téh, apelingna distrikna kampoengna, oepami gambar imah di kota, kedah diterangkeun kota mana djalan mana kampoeng naon, sareng saha ngaranna anoe ngeusian èta imah.

7. Oenggal kintoenan tèa kedah aja tanda sandi (motto) oelah ditawis sahinasna, nanging kedah disarengan koe hidji amplok anoe ditoe-toep eusi djenengan sareng toedjoel serat anoe nginfoen, sarta di loear-na diserat tanda sandi tèa.

8. Saparantos dipotoes koe Jurij, èta gambar atanapi potret tèa baris digedekeun atanapi diliarkeun (ditjitak), ditongtonkèun koe S. T. V. sareng koe Java-Instituut boh sadajana boh sabagianana, sarta baris disebat djenengan anoe ka-goengan damel.

Soegri kintoenan anoe kenging prijs sareng anoe dipeser tèa, eta djadi milik pakempelan, ari anoe teu kenging prijs atanapi noe teu dipèsèr baris dipololangkeun deui samemeh ping 1 Juni 1925.

9. Anoe pinimbangeunana tèa Jurij, nja èta Raden Abikoesno Rooimeester Kediri, Ir. Thomas Karsten Architect Semarang sareng toean P. H. W. Sitsen Architect Djogdja.
10. Kintoenan tèa dikintoenkeun memeh atanapi dina ping 1 November 1924 ka Secretaris Sociaal Technische Vereeniging, Soenarioweg 21 Semarang.

Iasa moendoet katrangan anoe langkoeng paos sareng moendoet serat bewarnana ka Secretaris S. T. V. Semarang tèa deui.

